

Seksyon: Biwo Komèsyal
Politik: Politik sou Asistans Finansye

Tradiksyon: 10-89
Revize: 10/09, 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 4/22, 9/23, 1/24
Korije: 3/16, 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21, 4/22, 9/23, 1/24

- 1 NCH Healthcare System (NCH) pran angajman pou bay aksè nan swen sante bon kalite pou kominote li sèvi a epi li ofri asistans finansye pou moun ki gen yon bezwen ki etabli pou resevwa swen medikal dijans oswa sèvis lopital ki nesese sou plan medikal. Selon Lwa 409.9131 Florid la “Nesese medikal” oswa “Nesese sou plan medikal” vle di nenpòt byen oswa sèvis ki nesese pou soulaje efè yon kondisyon ki nan faz tèminal oswa pou anpeche, dyagnostike, korije, geri, soulaje, oswa pou evite deteryorasyon yon kondisyon ki mete lavi an danje, ki lakoz doulè oswa soufrans, oswa ki lakoz maladi oswa enfimite, ke yo bay byen oswa sèvis sa yo selon nòm pratik medikal ki jeneralman aksepte yo. NCH baze Politik Asistans Finansye (FAP) li a ak politik sou swen karitatif yo sou machaswiv Eta Florid la. NCH pran angajman pou bay sèvis swen sante pou tout pasyan yo kèlkeswa laj, sèks, ras, etnisite, andikap oswa afilyasyon relijye yo epi rekonèt ke nan kèk ka yon moun p ap anmezi finansyèman pou li peye pou sèvis li te resevwa yo.
- 2 Politik sa a fèt pou respekte Seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn nan epi pral entèprete epi aplike selon règleman sa yo. Pasyan ki pa genyen mwayen pou peye sèvis yo resevwa nan NCH yo kapab mande asistans finansye epi yo kapab jije ke yo elijib pou asistans selon tèm ak kondisyon politik sa a. Akòz gwo chaj finansye sa enplike pou pran swen moun ki pa genyen resous ki apwopriye pou peye pou sèvis yo, NCH pral pran desizyon sou yon baz endividyèl pou swen ki pa rapid, swen ki pa ijan ke yo bay tout pasyan yo. Politik sa a kouvri sèvis ke tout depatman ak kanpis Naples Community Hospital ak sèvis ke Gwoup Medsen NCH yo bay.

Yo p ap aplike rabè swen karitatif yo jiskaske yo detèmine epi aplike peman tyès pati yo sou yon kont.
3. NCH dwe ofri asistans swen karitatif oswa asistans finansye lè kondisyon ki swiv yo reyini:
 - a. Yo te reyalize epi refize evalyasyon pou sa ki gen ladan men pa limite ak elijiblite pou asirans, elijiblite pou pwogram pataj frè swen karitatif yo, règleman nan kesyon responsablite jan sa lye ak sèvis yo bay yo, règleman sou konpansasyon travayè jan sa lye ak sèvis yo bay yo, evalyasyon pou elijiblite Medicaid oswa lòt pwogram gouvènman yo oswa lòt asistans finansman ekstèn
 - b. Pasyan oswa garan an te ranpli yon Aplikasyon pou Asistans Finansye ki endike revni ak aktif yo;

Dwe bay sa ki swiv la yo pou verifikasyon revni jan sa aplikab:

 - Souch chèk aktyèl oswa verifikasyon alekri nan men anplwayè a
 - Deklarasyon sou Revni pou dènye ane ki sot pase a
 - Fòmilè W-2 ak oswa 1099 yo
 - Dènye relve bankè kont Chèk/Epay (yo)
 - Fòmilè ki apwouve oswa ki refize konpansasyon chomaj oswa konpansasyon travayè

Seksyon: Biwo Komèsyal
Politik: Politik sou Asistans Finansye

Tradiksyon: 10-89
Revize: 10/09, 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 4/22, 9/23, 1/24
Korije: 3/16, 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21, 4/22, 9/23, 1/24

- Verifikasyon alekri nan men ajans byennèt piblik yo oswa nenpòt ajans gouvènman sou revni pasyan an
 - Moun ki fè travay endepandan yo dwe ranpli fòmilè taks konsènan dènye fwa yo te ranpli taks yo ki gen ladan kalandriye C
- c. Founisè sèvis la te jwenn yon rapò kredi pou konfime enfòmasyon ki genyen nan Fòmilè Finansye a pou kont ki gen balans \$1,000.00 oswa plis yo (sèvis nan lopital) oswa \$200.00 oswa plis (Sèvis medsen), si disponib; Pasyan oswa garan an te respekte egzijans sou verifikasyon revni yo;
- d. Pasyan k ap aplike pou asistans finansye oswa evalyasyon karitatif ki te deja apwouve pou asistans swen karitatif nan lespas 3 dènye mwa yo pa bezwen yon lòt revizyon dokiman papyè oswa yon nouvo Ankèt Biwo Kredi a (“CBI”). Sa pa aplike nan sèvis swen karitatif ke yo te bay selon règ 25% an sof si sèvis yo se pou menm dyagnostik oswa menm plan tretman an. Si sèvis yo se pou yon lòt dyagnostik, yon nouvo evalyasyon obligatwa.
- e. Dèt la depase \$ 250.00.
- 4 Lwa Florid la pèmèt Founisè yo klasifye frè yo kòm “karitatif” pou pasyan ke fanmi yo tonbe nan nivo oswa pi ba 200% Gid Federal sou Povrete, oswa si depans medikal yo depase 25% revni anyèl li epi enfòmasyon finansye ki dokimante yo pwouve ke pasyan an pa genyen kapasite pou peye pou sèvis yo. “Swen karitatif” oswa “swen karitatif san konpansasyon” vle di ke yon pati nan frè pou sèvis ki deklare bay Ajans pou Administrasyon Swen Sante ke pa genyen konpansasyon pou yo, pou swen yo bay yon pasyan ke revni fanmi l pou 12 dènye mwa anvan detèminasyon an mwens oswa egal ak 200% nivo federal sou povrete a, sof si montan ke pasyan an dwe a depase 25% revni familyal anyèl la. Sepandan, frè Founisè a pou yon pasyan ke revni fanmi l depase kat fwa nivo federal sou povrete a pou yon fanmi ki genyen kat moun pa dwe janm konsidere kòm karitatif nan okenn ka. (F.S.409.911) Si pasyan an kalifye pou règ 25% pou swen karitatif epi pasyan an demontre kapasite pou peye yon pati nan sèvis yo, NCH kapab kolekte yon maksimòm AGB (Montan Ki Jeneralman Faktire) epi aplike swen karitatif pou rès balans lan.

ASISTANS FINANSYE KI DISPONIB AK KRITÈ ELIJIBLITE YO

Si revni yon pasyan pi ba pase 400% gid federal sou povrete a, pasyan an ka resevwa kèk fòm asistans finansye. NCH genyen diskresyon pou bay asistans finansye menm pou pasyan ki tonbe andeyò gid estanda sou revni sa yo.

Seksyon: Biwo Komèsyal
Politik: Politik sou Asistans Finansye

Tradiksyon: 10-89
Revize: 10/09, 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 4/22, 9/23, 1/24
Korije: 3/16, 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21, 4/22, 9/23, 1/24

Revni Pasyan an	Montan Asistans Finansye
Nan nivo oswa pi ba pase 200% gid federal sou povrete a.	Pasyan an elijib pou 100% asistans finansye pou frè lopital la ak frè NPG ki lye ak swen lopital la.
Ant 201% ak 400% gid federal sou povrete a.	Pasyan an elijib pou yon 75% rediksyon nan frè brit lopital NCH yo ak frè ki lye ak swen nan lopital la, nan lòt mo, pasyan an peye 25% frè brit yo.
Responsablite pasyan an pou frè lopital yo depase 25% revni anyèl fwaye a men pa depase kat fwa nivo federal sou povrete a pou yon fanmi ki gen kat moun.	Pasyan an elijib pou 100% asistans finansye oswa frè lopital la oswa frè NPG ki lye ak swen lopital la.

ELIJIBLITE KI PWOBAB

Pasyan yo kapab elijib pou yon rabè sou tout balans ki pa peye alè nan ka ke pa gen yon Fòmilè Aplikasyon Finansye ki ranpli si pasyan an satisfè youn nan kondisyon ki swiv yo:

- Li sanzabri oswa l ap viv nan yon lojman fèb revni/lojman ki sibvansyone.
- Li mouri epi pa genyen okenn siksesyon ke yo konnen pou peye fakti medikal yo.
- Li elijib kounye a pou Medicaid (antanke asirans prensipal) men pa te elijib nan moman sèvis la, oswa avantaj Medicaid yo fini oswa frè pou sèvis ke Medicaid Pa kouvri yo.
- Li elijib kounye a pou Rx Assistance, SNAP/Koupon Alimantè oswa WIC.
- Li elijib pou resevwa avantaj nan men yon ajans gouvènman an antanke viktim yon krim vyolan oswa yon agresyon seksyèl epi tretman an lye ak krim vyolan an oswa agresyon seksyèl la.
- Te demontre li pa kapab peye pou sèvis yo selon tout byen ki disponib yo. Pasyan k ap resevwa swen nan depatman ijans lan oswa nan men depatman ijans lan ki pa gen resous finansye yo kapab elijib pou FAP si yo nan chomaj oswa yo gen yon travay endepandan epi yo pa ka bay yon deklarasyon enpo sou revni, ki pa genyen aksè nan dokiman aplikasyon ki obligatwa yo kapab toujou elijib pou asistans finansye.

BAZ POU KALKILE MONTAN YO JENERALMAN FAKTIRE YO

Lè yon pasyan kalifye pou asistans finansye ki mwens pase 100% frè brit yo jan sa defini anwo a, frè ke pasyan an responsab pou peye a p ap depase montan ke yo jeneralman faktire (“AGB”) moun ki pa genyen asirans ki kouvri swen sa a.

NCH itilize metòd “look-back” la pou kalkile AGB a pou etablisman lopital li yo. AGB a se montan maksimòm nou pral kolekte nan men yon pasyan ki elijib pou asistans finansye selon Politik sou Asistans Finansye a. Pousantaj AGB a baze sou tout reklamasyon ke Medicare ak konpayi asirans sante prive yo otorize sou yon peryòd 12 mwa, ki divize pa frè brit ki asosye yo pou reklamasyon sa yo.

5. NCH dwe konsève dokiman ki apwopriye pou apwobasyon swen karitatif oswa asistans finansye, ki gen ladan fòmilè finansye, lòt dokiman sipò, ak yon rapò CBI (yon CBI pa obligatwa sou kont lopital ki genyen yon balans ki gen mwens pase \$1,000; mwens pase \$200.00 pou sèvis Medsen yo, si yon pasyan genyen plizyè kont ki bay yon total \$1,000.00, nan ka sa yon CBI obligatwa).
6. NCH pral pwolonje sèvis karitatif sou kont yo apre fen pwosesis apwobasyon an si pasyan oswa garan an pa genyen okenn asirans, si li pa ka kalifye pou asistans finansman ekstèn epi li elijib pou swen karitatif. Anvan detèminasyon ak apwobasyon elijiblite pou swen karitatif la, NCH pral kontinye efò rekouvremant nòmal yo. NCH pral kanpe tout efò rekouvremant apre apwobasyon swen karitatif la epi pral enfòm founisè tyès pati ki pral resevwa peman nan men pasyan oswa garan an apre dat detèminasyon swen karitatif la.
7. Ajans rekouvremant dèt tyès pati a kapab ede rezoud peman yo lè pasyan yo pa kowopere pou fè peman yo, lè yo pa te dakò sou peman yo, oswa yo pa te gen volonte pou ranpli Aplikasyon Asistans Finansye a epi/oswa bay dokiman sipò pou soutni demann yo a pou asistans finansye. Yo kapab angaje ajans rekouvremant yo sèlman apre yo te epwize tout opsyon rekouvremant ak peman yo. NCH konsève yon lòt **Politik sou Faktirasyon ak Rekouvremant** ki dekri pwosedi faktirasyon ak rekouvremant yo. Yon kopi politik sa a disponib sou sitwèb NCH la [isit la](#). Selon politik sa yo, NCH p ap angaje, ni p ap otorize ajans rekouvremant li yo pou angaje yo nan okenn Aksyon Rekouvremant Ekstraòdinè jan sa defini nan seksyon 501® nan Kòd Revni Entèn nan, anvan yo verifiye ke pasyan yo te resevwa opòtinite pou aplike pou asistans karitatif oswa pou asistans finansye.
8. Pou yo kapab valid, aplikasyon asistans finansye yo dwe siyen epi dwe genyen dat. Aplikasyon pou asistans finansye yo valid pou 6 mwa anvan epi 6 mwa apre dat siyati a. Kòm eksepsyon, fòmilè finansye yo kapab valid pou yon lòt 6 mwa si revni pasyan an limite

Seksyon: Biwo Komèsyal
Politik: Politik sou Asistans Finansye

Tradiksyon: 10-89
Revize: 10/09, 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 4/22, 9/23, 1/24
Korije: 3/16, 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21, 4/22, 9/23, 1/24

- sou yon revni fiks tankou sekirite sosyal oswa andikap epi revni li a pa te chanje.
Si pasyan an pa anmezi pou siyen l akòz kondisyon medikal li, fòmilè a dwe siyen pa garan an, moun k ap bay enfòmasyon finansye a (deklare relasyon l ak pasyan an) oswa Konseye Finansye/Reprezantan Avantaj Piblik yo ki dokimante fòmilè a swa alekri oswa vèbalman nan telefòn. Fòmilè a ta dwe deklare “pasyan an pa kapab siyen akòz kondisyon medikal”.
9. Naples Community Hospital genyen dwa pou anile asistans finansye a epi pouswiv ranbousman oswa rekouvremant apre enfòmasyon yo fèk dekouvri yo, ki gen ladan kouvèti asirans oswa peman pou moun ki fè aplikasyon an oswa pouswiv yon reklamasyon pou domaj pèsonèl pou sèvis sa yo. Tout peman ke Naples Community Hospital resevwa yo, apre yo fin bay asistans finansye a pral lakoz anilasyon montan ajisteman an pou rezoud balans oto-pèman (self-pay) ki rete a san kreye yon balans ki dwe peye oswa yon bakans kredi. Nan ka ke pasyan/garan an pa rive jwenn yon aranjman oswa jwenn ranbousman pou swen li te resevwa a epi li refize peye pou swen ke yo te deja konsidere kòm karitatif oswa asistans, pasyan/garan an p ap elijib ankò pou asistans finansye epi kapab lakoz yo vin dwe yon balans.
 10. Lè yo bay asistans finansye sa pa oblije Naples Community Hospital pou bay swen kontini; sepandan se yo menm sèl k ap deside si y ap bay sèvis ak sipò ki nesèse sou plan medikal epi ki pa disponib okenn lòt kote yo sou yon baz kontini. Pasyan an kapab gen obligasyon pou re-aplike pou FAP omwen chak 6 mwa.
 11. Sistèm Swen Sante NCH la egzije otorizasyon finansye alavans nan men Jesyon Biwo Komèsyal la pou tout sèvis ochwa yo (ki pwograme oswa ki pa pwograme) si pasyan an pa gen asirans, si asirans lan pa sifizan oswa si li fè yon oto-pèman (self-pay) epi li pa satisfè gid FAP ak/oswa gid sou swen karitatif la. Se yon obligasyon pou jwenn tout peman an selon politik sou rabè oto-pèman an (self-pay) (oswa montan yo te dakò sou li a) anvan sèvis yo.
 12. Yon Konseye Finansye pral kontakte tout pasyan yo anvan sèvis ki pwograme yo pou kapab evalye kapasite pasyan an pou peye. Pwosesis sa a pral gen ladan pou jwenn aktyèl enfòmasyon finansye pasyan an, pou jwenn yon rapò ki ajou sou kredi epi revize istorik peman pasyan an nan Sistèm Swen Sante NCH la.
 13. Ekip administrasyon Biwo Komèsyal la pral revize enfòmasyon finansye pasyan an. Selon evalyasyon yo a, yo kapab kontakte Administrasyon Siperyè a epi/oswa Medsen asistan/òdonans lan pou detèmine si yo kapab retade, repwograme oswa refize sèvis ochwa yo paske pasyan an pa kapab peye.
 14. Apwobasyon alavans sou yon kont (yo) pou swen karitatif yo pa garanti swen karitatif alavni.

Yo pral evalye chak sèvis (non-emèjan) sou yon baz endividyèl.

- 15 Pasyan ki genyen asirans Medicare kòm asirans prensipal epi Medicaid kòm segondè ki genyen yon balans ke yo dwe apre yo te fin faktire toude asirans yo antanke move dèt Medicare, si apwopriye, pa anile pou rezon karitatif.
- 16 NCH genyen yon akò ak Neighborhood Health Clinic (NHC) ak Physician Led Access Network (PLAN) pou bay sèvis pou pasyan refere yo a ke administrasyon NCH la apwouve yo. NHC ak PLAN gen obligasyon pou bay NCH yon fòmilè Asistans Finansye ki ranpli lè y ap mande apwobasyon pou sèvis yo. Yo mete kont yo annatant sou yon NHC oswa yon PLAN apre apwobasyon epi balans yo ajiste selon swen karitatif apre yo fin bay sèvis yo.
- 17 Pasyan ki pa genyen asirans epi ki pa elijib pou asistans finansye selon politik sa a kapab elijib pou yon rabè Oto-Pèman (Self-Pay). Nenpòt rabè Oto-Pèman (Self-Pay) pral anile si yo idantifye asirans tyès pati oswa lòt sous kouvèti yo. Yo aplike yon Rabè Oto-Pèman (Self-Pay) 60% sou total frè sèvis swen sante ki aplikab ke Lopital la bay yo. Rabè sa a pa aplike sou sèvis kosmetik oswa sèvis ochwa yo. Rabè Oto-Pèman (Self-Pay) an pa soulaje oswa abandone pèman nan pwèn sèvis ke yo ka mande pasyan an pou li peye yo.